

BAB III

MÉTODE PANALUNGTIKAN

Dina ieu bab dipedar ngeunaan desain panalungtikan, data jeung sumber data, biografi singget panyanggi, téhnik panalungtikan, instrumén panalungtikan, jeung prosedur atawa galur panalungtikan.

Ieu panalungtikan kaasup kana panalungtikan kualitatif. Panalungtikan kualitatif nyaéta panalungtikan anu miboga udagan pikeun maham fenoména atawa kajadian nu kaalaman ku subyéng panalungtikan, misalna palaku, tindakan, persepsi, motivasi, jrrd. Cara ngadeskripsikeun nyaéta kana wangun kekecapan atawa basa dina hiji konteks husus anu alamiah ku cara ngamangpaatkeun métode ilmiah (Moleong, 2012, kc. 6). Salian ti éta, Denzin jeung Lincoln (dina Sugiyono, 2013, kc. 8), nétélakeun yén panalungtikan kualitatif nyaéta panalungtikan anu ngagunakeun latar alamiah kalawan maksud napsirkeun pénoména nu kajadian jeung dilakukeun ku cara ngalibetkeun rupa-rupa métode nu aya.

Métode panalungtikan mangrupa salasihiji cara nu digunakeun pikeun ngahontal udagan dina panalungtikan. Métode panalungtikan nyaéta cara anu digunakeun ku panalungtik dina ngumpulkeun data panalungtikan (Arikunto, 2013, kc. 203). Métode nu dipaké dina ieu panalungtikan nyaéta métode deskriptif analisis.

Nurutkeun Fathoni (dina Sugiyono, 2013, kc. 20), métode deskriptif nyaéta métode anu miboga udagan pikeun ngagambarkeun masalah nu keur disanghareupan, ku cara nyusun atawa nyieun papasingan data, nganalisis data, nafsirkeun data, nu satuluyna nyieun kacindekan. Sedengkeun, nu disebut métode déskriptif analisis nyaéta métode anu ngagambarkeun kaayaan nu keur lumangsung nalika panalungtikan dilakukeun dumasar kana fakta nu aya (Arikunto, 2013, kc. 309).


Ieu panalungtikan kualitatif jeung dumasar métode anu dipilih nyaéta métode déskriptif analisis téh, dipaké pikeun ngadéskripsikeun struktur jeung ajén atikan,

tina objék panalungtikan nu mangrupa rumpaka kawih album *Sungkeman Wajib Belajar* sanggian Nano S.

3.1 Desain Panalungtikan

Desain panalungtikan nyaéta sakabéh prosés anu diperlukeun dina rarancang jeung prak-prakan panalungtikan nepi ka patalékan nu aya bisa kajawab. Nurutkeun Sukardi (dina Sugiyono, 2013, kc. 38), desain panalungtikan minangka hiji rarancang pikeun ngalaksanakeun panalungtikan, ku cara ngumpulkeun data jeung nganalisis data, nepi ka ngahasilkeun data nu hadé. Désain panalungtikan miboga udagan pikeun ngagambarkeun léngkah-léngkah dina ngalaksanakeun hiji panalungtikan, nu dimimitian ku (1) nangtukeun masalah, (2) ngawatesan jeung ngarumuskeun masalah, (3) talaah pustaka, (4) ngumpulkeun data ngagunakeun kartu data, (5) ngolah data hasil panalungtikan ku cara nganalisis data dumasar pamarekan anu digunakeun, jeung (6) nyieun kacindekan tina hasil panalungtikan.

Desain nu dipaké dina ieu panalungtikan kagambar saperti dina bagan ieu di handap.



Bagan 3.1
Desain Panalungtikan

3.2 Sumber Data Panalungtikan

Sumber data dina panalungtikan mangrupa subjék data nu dicangking (Arikunto, 2013, kc. 172). Dina Album Kawih Sungkeman Wajib Belajar, aya 10 (sapuluh) judul kawih nu dijadikeun sumber data dina ieu panalungtikan, di antarana.

Tabél 3.1
Data Kawih Sungkeman Wajib Belajar

No	Judul Kawih	Laras	Kode Rumpaka
1.	Wajar (Wajib Belajar)	Madenda 4=T	SWB/M/01
2.	Priangan Éndah	Pélog 1=T	SWB/P/02
3.	Gema Pustaka	Pélog 1=T	SWB/P/03
4.	Pakarangan Bersih	Madenda 4=T	SWB/M/04
5.	Layung	Pélog 1=T	SWB/P/05
6.	Demi Wanci	Madenda 4=T	SWB/M/06
7.	Teu Daya Upaya	Madenda 4=T	SWB/M/07
8.	Ajilu	Degung 1-T	SWB/D/08
9.	Labaik	Madenda 4=T	SWB/M/09
10.	Nun Nu Agung	Pélog 1=T	SWB/P/10

3.2.1 Album Kawih Sungkeman Wajib Belajar

Sumber data dina ieu panalungtikan nyaéta rumpaka kawih album Sungkeman Wajib Belajar sanggian Nano S. Sumber utama tina ieu panalungtikan nyaéta téks karya sastra anu mangrupa rumpaka kawih jeung panyanggi. Sangkan leuwih jéntré ieu di handap baris dipedar idéntitas albumna.

Judul Album	: Kawih Sungkeman Wajib Belajar
Panyanggi	: Nano S.
Pangarang Rumpaka	: Nano S., Mang Koko, Atang Warsita, Yus Rusyana, jeung RAF.
Produksi	: Rineka Seni GENTRA MADYA
Hak Cipta Milik	: Tim Koordinasi POKJA WAJAR DIKDAS 9 Tahun Provinsi Jawa Barat
Jumlah Kawih	: 10



Gambar 3.1 Album CD Kawih Sungkeman Wajib Belajar

3.2.2 Biografi Singget Panyanggi

Salasahiji seniman Sunda nyaéta Nano S., anjeunna murid Mang Koko dina kancah seniman jeung musisi Sunda. Nu asup ka organisasi Ganda Mekar pimpinan Mang Koko dina taun 1964 jeung Gentra Madya taun 1972. Nano S. gumelar di Garut, ping 4 April 1944. Nano S. aktif dina widang kasenian jeung kabudayaan Sunda.

Dina kasenian Sunda Nano S. téh kakoncara pisan, kawih-kawihna réa nu meunang penghargaan, aya nu nepi kancah Nasional gé. Dina taun 1980 salasahiji karyana nyaéta Karawitan Gending Sangkuriang pernah dipintonkeun di Festival Musik Internasional di Taiwan. Salian ti éta, anjeunna miboga karya karawitan

Sunda ngagunakeun basa Jepang, nyaéta *Katakana Hiragana Uta, Ueno Koen* jeung *D'enshano Uta* (1981-1982).

Salasahiji karya karawitan Sunda basa Jepang anu kakoncarana nyaéta *Hiroshima* nu medal Oktober 1999, ieu karyana dipintonkeun di Jepang husus pamundut ti Wali Kota Hiroshima. Sedengkeun album karawitan anu kakoncarana nyaéta Kalangkang taun 1989, nu nyanyina ku Nining Meida jeung dijieun versi Pop Sunda ku Detty Kurnia nu meunang penghargaan BASF Award (1989), tuluy dina tahun 1990 meunangkeun deui penghargaan HDX Award.

Nano S. tilar dunya ping 29 November 2010. Karya Nano S. aya 400 jeung 200 album, sarta miboga karya tinulis “Haleuang Tandang Buku Kawih pikeun pangajaran di SMP” nu medal taun 1976.

3.3 Téhnik Panalungtikan

3.3.1 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan nyaéta téhnik talaah pustaka mangrupa transliterasi jeung téhnik dokuméntasi. Nurutkeun Arikunto (2013, kc. 85), téhnik talaah pustaka dilaksanakeun ku cara nalaah eusi téks nu geus aya patula-patalina jeung konsép tioritis sarta bahasan pasualan panalungtikan.

Nurutkeun Moleong (2012, kc. 62), téhnik dokuméntasi mangrupa salasahiji cara pikeun ngumpulkeun data panalungtikan sacara teu langsung, hartina data nu dipaluruhna ngaliwatan dokumen-dokumen pendukung nu patali jeung data anu rék ditalungtikna. Objek dina ieu panalungtikan nyaéta rumpaka kawih Sungkeman Wajib Belajar sanggian Nano S.

Léngkah-léngkah ngumpulkeun data dina téhnik transkripsi, nyaéta saperti ieu di handap.

- 1) Nyetél album kawih Sungkeman Wajib Belajar sanggian Nano S. tina CD; jeung
- 2) Ngadéngékeun sarta ditranskrip rumpaka kawihna jadi ragam tulisan.

Léngkah-léngkah ngumpulkeun data dina téhnik dokuméntasi, nyaéta saperti ieu di handap.

- 1) Nyirian sarta méré tanda kana bagéan-bagéan rumpaka kawih dumasar kana struktur puisi;
- 2) Néangan ajén atikan nu nyampak tina rumpaka kawih; jeung 3) Nyalin kana kartu jeung tabél data.

3.3.2 Téhnik Ngolah Data

Téhnik ngolah data dina ieu panalungtikan nyaéta ngagunakeun tehnik analisis. Ngaliwatan tehnik analisis ieu, dipiharep dina nganalisis struktur jeung ajén atikan nu aya dina rumpaka kawih album Sungkeman Wajib Belajar sanggian Nano S. bisa didéskripsikeun kalayan jéntré. Dina ieu panalungtikan satuluyna dianalisis dumasar kana léngkah-léngkah saperti ieu di handap.

- 1) Nganalisis struktur rumpaka kawih-kawih Sungkeman Wajib Belajar sanggian Nano S.;
- 2) Ngainterpretasi data hasil analisis struktur;
- 3) Nganalisis ajén atikan anu aya dina rumpaka album kawih-kawih Sungkeman Wajib Belajar sanggian nano S.;
- 4) Ngainterpretasi data hasil analisis ajén atikan;
- 5) Nyieun kacindekan ngeunaan hasil analisis struktur jeung ajén atikan; jeung 6) Matalikeun objék anu geus ditalungtik jeung pangajaran kawih kelas VIII.

3.4 Instrumén Panalungtikan

Instrumén panalungtikan mangrupa salasihiji pakakas anu digunakeun pikeun milah-milah data anu dibutuhkeun. Ieu hal téh luyu jeung pamadegan Arikunto (2013, kc. 90), anu nétélakeun yén instrumén nyaéta alat pikeun mantuan panalungtik dina kagiatan ngumpulkeun data. Instrumén nu digunakeun dina ieu panalungtikan saperti ieu di handap.

1) Kartu Data

Kartu data miboga fungsi pikeun ngumpulkeun jeung mindahkeun data anu geus aya sangkan babari dina nganalisis datana. Kartu data baris digambarkeun saperti ieu di handap.

(1) Kartu Analisis Data Struktur Rumpaka

Tabél 3.2
Kartu Data Struktur Rumpaka Kawih

STRUKTUR RUMPAKA	
Kode Rumpaka	:
Imaji	:
Simbul/lambang	:
Musikalitas/wirahma	:
Suasana	:
Tema	:
Gaya Basa	:

(2) Tabél Analisis Data Ajén Atikan Tabél 3.3

Data Analisis Ajén Atikan

Ajén atikan moral	Ajén atikan sosial	Ajén atikan agama


3.5 Prosedur atawa Galur Panalungtikan

Prosedur atawa alur panalungtikan nyaéta rarancang mangrupa pola, wangun, modél, tujuan, jeung maksud panalungtikan anu mangrupa prosés dumasar kana panalungtikan kualitatif kalawan métode dekriptif analisis.

Ieu panalungtikan dimimitian ku ngaidéntifikasi masalah ku cara nangtukeun kasang tukang, rumusan masalah, jeung métode panalungtikan. Sabada meunangkeun sababaraha masalah, tuluy ngumpulkeun data. Téhnik anu dipaké dina ieu panalungtikan nyaéta talaah pustaka. Sanggeus ngumpulkeun data, tuluy data dianalisis, nyaéta nganalisis struktur puisi nu ngawengku imaji, simbul, musikalitas, suasana, téma, jeung gaya basa. Salian ti maluruh sacara struktural, panalungtik ogé maluruh ajén atikan. Ajén atikan téh kabagi jadi tilu, nyaéta: (1) Ajén atikan moral, (2) Ajén atikan sosial, jeung (3) Ajén atikan agama. Tuluy, hasil

tina panalungtikan dipatalikeun pikeun jadi bahan pangajaran kawih di SMP kelas VIII.

Sabada meunangkeun hasil panalungtikan jeung pedaran anu ngawengku struktural jeung ajén atikan, tuluy panalungtik nyieun kacindekan nu diluyukeun jeung judul, rumusan masalah, jeung udagan dina ieu panalungtikan. Sangkan leuwih jéntré, digambarkeun dina ieu bagan di handap.



Bagan 3.2

Prosedur atawa Galur Panalungtikan